# 2018 йил 11 декабр: Қорақалпоғистон Республикаси Жўқорғи Кенгеси Раиси Ўзбекистон Республикасинининг Корея Республикасидаги элчисини қабул қилди

Бәршемизге мәлим, Ҳүрметли Президентимиздиң усы жылдың 15-16-ноябрь күнлери Қарақалпақстанға сапары ўақтында берилген тапсырмалар ҳәм кеңейтирилген тәризде өткерилген мәжилис протоколы тийкарында елимиздиң Қытай, Корея, Кувейт, Германия, Япония мәмлекетлериндеги елшилери алдына усы аймаққа 7 триллион 341 миллиард сумлық 30 проектти әмелге асырыў ўазыйпалары белгилеп берилген еди ҳәм бул бағдардағы ийгиликли ислер басланып кетти.

11-декабрь күни Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесинде Өзбекстан Республикасының Кореядағы Айрықша ҳәм толық ҳуқықлы елшиси В.Фен басшылығындағы делегацияны қабыллаў мәресими болып өтти.

Илажда Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы М.Ерниязов елимиз елшиси менен келген кореялы мийманларды республикамызға сапары менен қызғын қутлықлап, үлкемиздиң географиялық жайласыўы, халқы, административлик дүзилиси, тәбийғый байлықлары ҳәм өним ислеп шығарыў имканиятлары, сондай-ақ, республикамызды ҳәр тәреплеме раўажландырыў жолында ҳүрметли Президентимиздиң басшылығында әмелге асырылып атырған кең көлемли реформалар менен жақыннан таныстырды. Соңғы қысқа ўақыт ишинде ҳәр еки мәмлекет арасында ҳәр тәреплеме байланыслардың жақсы жолға қойылғанлығын ҳәм бул байланыслар бүгинги күни жаңа басқышқа көтерилгенин де атап өтти.

Өз нәўбетинде елши В.Фен ҳәм кореялы инвесторлар: «Кангнам Джевиско» компаниясының вице-президенти Пак Чи Кюнг ҳәм атқарыўшы директоры Ким Кю Тэ жыллы жүзлилик пенен қабыл еткени ушын республикамыз басшысына өз

миннетдаршылығын билдирди.
Сапар даўамында ҳәр еки тәреп режелар, келешекте биргеликте әмелге асырылатуғын проектлер бойынша өз-ара пикир алмасты. Сондай-ақ, мәресимде жақын ўақыт аралығында кореялы инвесторлар тәрепинен республикамызда иске түсирилиўи режелестирилип атырған лак-бояў заводының презентациясы болып өтти.

Корея экономикалық байланыслар бойынша Қарақалпақстан Республикасының исенимли шериклеринен саналады. Бүгинги күни Қарақалпақстан Республикасы ҳәм Корея мәмлекети арасында саўда-экономикалық көрсеткишлерге нәзер тасласақ, 2017-жылы ҳәр еки тәрептиң товар айланысы 28,4 млн. АҚШ долларын, усы жылдың январь-октябрь айларында болса 39,1 млн. АҚШ долларын қураған. Сондай-ақ, өткен жылы республикамызға Кореядан 39,2 млн. АҚШ доллары муғдарындағы инвестициялар киргизилген болса, бул көрсеткиш быйылғы жылдың өткен он айы даўамында 40,1 млн. АҚШ долларын қурады. Бул денсаўлықты сақлаў, туризмди раўажландырыў, билимлендириў, фармацевтика, қурылыс ҳәм басқа да тараўларда өз көринисин таппақта. Корея инвесторлары қатнасыўында республикамызда бир қатар қурылыс жумыслары әмелге асырылған.

Мағлыўмат ушын атап өтсек, өткен айлар даўамында Корея, Қытай, Уллы Британия, Швецария, Россия сыяқлы мәмлекетлерден жәми 138 миллион АҚШ долларына жақын инвестициялар алып кирилгени экономикамыздың барған сайын беккемленип баратырғанлығынан дәрек береди.